

# Щ1эблэм папщ1э уэрэд.

Щоджэнц1ык1у Алий


Мэз лъапэу пэу щхъуант1эм
Акъужьыр щоубзэр
И бзухэр бзэрабзэу
Уэрэдк1э къыпожьэ.


Июль дыгъэу жьэражьэр
А щ1ып1эм що1эсэ.


Уэсыбгхэр телъащ1эу
Щ1эращ1эу мэк1уасэ.


Зи щ1ылъэр гъэмахуэу
Зи уафэр щ1ымахуэм,


Нэхущым и бынхэр
Щобакъуэр уи мэзхэм..


А щ1ып1эм щыхохъуэр
Си лъэпкъым и бынхэр,
Сигналк1э щагъэ1ур
Къуэшыгъэм и макъхэр.
www.fond-adygi.ru


Псы уэрхэу абджыфэм
Салъкъыныр къыхехур,


Бгыху задэу пшэрытхэм
Псыр хъущ1эу къыхохур.




Узыншэу,гуащ1аф1эу

Фыхэхъуэ,щ1эблэбэ,

Л1ы быдэу, 1эрыхуэу

Зывгъасэ,вагъуэплъхэ!







Щывгъэ1ут мэз уэхым
Гуф1эгъуэм и макъыр.
Щыф1этыт уэрэдыр
Щ1ы тафэм и нэк1ум.



Фыбакъуэ хэвкъузэу:
Нэхъыжьхэр къыводжэ,
Еджауэ,узыншэу,
Гуф1эжу фыпсэухэ!


Зи хабзэр, нэмысыр,
хьэл-щэн дахэр
зыхъумэн щІэблэ
дыхъуну сохъуахъуэ!